



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU ETA IJANS AKTYÈL LA
AKÒZ GWO LAPLI AK POSIBILITE POU LÒT INONDASYON**

***Akòz gwo inondasyon ak enpak ki gen rapò ak transpò akòz gwo lapli; Plis pase
uit pous lapli te tonbe nan kèk pati nan Mid-Hudson ak plis pase senk pous nan
Finger Lakes ant dimanch ak lendi***

***Wout yo kontinye fèmen nan Konte Albany, Oswego, Orange, Putnam ak
Rockland; Sèvis Metro-North yo rete sispann pou liy nan Upper Harlem, tren liy
Hudson yo pral fonksyone ant Grand Central ak Peekskill apati madi maten***

***Gouvènè Hochul te pale ak Mezon Blanch, dirijan FEMA ak senatè Etazini yo depi
New York sou posibilite pou jwenn asistans federal pou katastwòf***

***Li posib pou gen yon lòt 2-3 pous laplis aswè a rive demen maten nan Rejyon
Kapital ak North Country; Siveyans inondasyon yo rete anvigè pou tout pati lès
eta a***

Jodi a, Gouvènè Hochul te bay Nouyòkè yo yon mizajou pandan gwo lapli ap kontinye nan tout Eta a epi yo kontinye gen enpak sou zòn toupatou nan rejyon Mid-Hudson, Finger Lakes, New York Santral ak North County. Nan dimanch, Gouvènè Hochul te deklare Eta Ijans nan konte Orange ak Ontario paske sekouris eta a ak lokal yo te anonse anpil wout ki fèmen ak rapò inondasyon.

Ant dimanch ak lendi, plis pase uit pous lapli te rapòte nan kèk pati nan rejyon Mid-Hudson (Konte Orange), epi yo te rapòte plis pase senk pous lapli nan rejyon Finger Lakes (Konte Ontario). Pandan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a te kòmanse evalyasyon domaj nan Konte Orange ak Rockland jodi a, Gouvènè te pale ak ofisyèl federal Mezon Blanch, FEMA ak Lidè Majorite Sena Ameriken an Chuck Schumer ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand jodi a konsènan ijans k ap kontinye ak posibilite pou asistans federal pou ede rekonstwi.

"Pandan ke anpil nan tanpèt la te pase nan New York, li enpòtan pou nou rete vijilan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen trè rekonesan anvè chak sekouris yo, travayè eta

ak lidè lokal yo ki te entèveni pou pran swen vwazen yo apre yon inondasyon san parèy. Alavni, mwen pran angajman pou m ede kominote sa yo rekipere epi rekonstwi".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Ekip nou an ap kontinye travay 24 sou 24 pou ede patnè lokal nou yo epi evalye domaj nan konte ki afekte yo. Nouyòkè yo nan North Country pral resevwa plis lapli aswè a avèk posiblite pou inondasyon. Rete vijilan epi pran plis prekosyon si w ap vwayaje aswè a rive demen".

Depatman Transpò Eta a ap siveye ak reponn ak kondisyon meteyowolojik epi li gen plis pase 3,470 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a, ki gen ladan plis pase 545 nan rejyon Hudson Valley. Anplwaye y ap evalye aktivman domaj yo epi y ap travay pou pèmèt wout eta yo ouvri pi vit posib.

Pou ede ak operasyon yo, 36 anplwaye ki soti nan Rejyon Kapital la ak Mohawk Valley yo ap deplwaye nan rejyon Hudson Valley konsa:

- **Rejyon Kapital** - voye 19 operatè ak 4 sipèvizè nan Hudson Valley
- **Mohawk Valley** - voye 11 operatè ak 2 sipèvizè nan Hudson Valley

Depatman an te deplwaye ekip enspeksyon pon yo soti nan Long Island, Southern Tier ak Hudson Valley nan rejyon Hudson Valley epi travay yo ap kontinye. Pon State Route 9W sou Popolopen Creek nan Vil Highlands, Konte Orange, kounye a fèmen pou reparasyon pandan enjenyè eta yo ap devlope yon plan pou repare pon an epi rekòmanse sikilasyon pi vit posib. Depatman Transpò a ap deplwaye ekip evalyasyon domaj ki soti nan rejyon an ak atravè eta a pou evalye domaj sou wout eta ak lokal yo, avèk enfòmasyon ak done ke ekip yo aktyèlman ap evalye.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,427 gwo kamyon abèn baskil
- 323 gwo chajè
- 79 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 84 dechiktèz
- 19 aparèy pou fè nivèlman
- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 15 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Kèk pati nan Wout Eta anba yo fèmen:

Hudson Valley:

- State Route 218 fèmen nan toude direksyon ant Otowout Storm King ak liy Vil Cornwall/Vil Highlands, Vil Cornwall, Konte Orange
- Palisades Parkway fèmen nan toude direksyon ant sòti 14 ak 18, Vil Highlands, Konte Rockland
- State Route 32 Fèmen nan toude direksyon nan Troutbrook Rd, Woodbury, Konte Orange

- U.S. 6 fèmèn nan toude direksyon ant NY 293 ak Palisades Parkway Ramp, Woodbury, Konte Orange
- U.S. 6 fèmèn nan toude direksyon ant NY 9D ak Annsville Circle, Cortlandt, Konte Westchester
- U.S. 9W fèmèn nan direksyon sid nan nò Soti NY 218, Highlands, Konte Orange.
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon NY 293, Highlands, Konte Orange.
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon nan Old State Rd, Highlands, Konte Orange.
- State Route 32 Fèmèn nan toude direksyon nan Woodbury Rd, Woodbury, Konte Orange
- U.S. 9W fèmèn nan direksyon nò nan Bear Mountain Circle, Highlands, Konte Orange.
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon ant Seven Lakes Drive ak S Entrance Road, Stony Point, Konte Rockland
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon nan Mine Dock Rd, Highlands, Konte Orange.
- Palisades Parkway fèmèn nan direksyon sid ant U.S. 9W; U.S. 6; wout final ak Soti 15; Old Gate Hill Road; County Route 10, Highlands, Konte Orange
- U.S. 9W fèmèn nan direksyon nò nan sid Stoney Lonesome Rd, Highlands, Konte Orange.
- State Route 980U fèmèn nan direksyon nò ak sid ant U.S. 9W ak State Route 218, Highlands, Konte Orange.
- State Route 292 fèmèn nan toude direksyon ant State Route 292; State Route 311; State Route 55, Patterson, Konte Putnam
- State Route 17 fèmèn nan direksyon lès nan ranp Soti 130A, Woodbury, Konte Orange
- State Route 132 fèmèn nan toude direksyon Sid U.S. Route 6, Vil Yorktown, Konte Westchester
- State Route 448 fèmèn nan toude direksyon North Broadway, Mount Pleasant, Konte Westchester

Rejyon Kapital:

- State Route 32 fèmèn nan toude direksyon ant Tibbits Avenue ak Bridge Avenue, Cohoes, Konte Albany

New York Santral:

- State Route 104 fèmèn nan toude direksyon ant Standpipe Rd. ak Emery Rd., Mexico, Konte Oswego
- U.S. 11 fèmèn nan toude direksyon ant State Route 69 ak Czebeniak nan pon anlè Little Salmon River, Mexico, Konte Oswego
- U.S. 69A fèmèn nan direksyon nòt ant State Route 69 ak U.S. 11, Parish, Konte Oswego

Sèvis Transpò Metro-North

MTA Metro-North Railroad jodi a te anonse yon retablisman pasyèl nan sèvis tren sou Liy Hudson lan ki kòmanse maten madi 11 jiyè a. Tren Liy Hudson lan pral opere ant Grand Central Terminal ak Peekskill omwen yon fwa chak èdtan.

Metro-North ap kontinye bay sèvis otobis limite pou vwayajè esansyèl ant Croton-Harmon ak Poughkeepsie, avèk otobis k ap kite Croton-Harmon sou yon baz chaje epi ale. Otobis yo pral fè arè nan Croton-Harmon, Beacon ak Poughkeepsie. Pa gen okenn sèvis ranplasan yo bay nan Manitou, Garrison, Cold Spring ak New Hamburg. Sèvis otobis sou Liy Upper Harlem ant Sidès ak Wassaic ap kontinye madi omwen jiska mitan jounen an, nan fè tout arè estasyon an.

Lakwa Wouj Ameriken te etabli deabri - youn nan Konte Ontario nan Meri Canandaigua (5440 Route 5 & 20 West, Canandaigua) ak nan Konte Orange nan Sacred Heart School (7 Cozzens Avenue, Highland Falls).

Majorite konte yo nan pati ki pi nan lès eta a anba yon siveyans inondasyon jiska aswè a paske yo prevwa de pous lapli oswa plis pou zòn nan Rejyon Kapital ak North Country. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

- Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zeklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.

- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhss.ny.gov/safety-and-prevention>.

###

Lòt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)